

Kisa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

Shiko këtë dokument në shqip | عرض هذه الوثيقة باللغة العربية | এই নথিটি বাংলা ভাষায় দেখুন
 Consultez ce document en français | Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen | 查看本文件的中文版
 이 문서를 한국어로 보십시오 | Consulte este documento en español | Документ на русском языке
 اس دستاویز کو اردو میں ملاحظہ کریں | Переглянути цей документ українською мовою | Ushbu hujjatni ichida ko'ring O'zbek

schools.nyc.gov/MessagesForFamilies

Oktòb 2025

Mizajou sa a ki soti nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) gen ladan dat enpòtan nan kalandriye ane lekòl 2025-2026 la, enfòmasyon sou admisyon kap vini, konferans paran-pwofesè, preparasyon pou aprantisaj adistans, obligasyon vaksinasyon, ak nouvo règleman sou aparèy elektwonik.

Kontni

- **Dat enpòtan k ap vini**
- **Admisyon 2026 nan lekòl segondè**
- **Admisyon 2026 nan lekòl presegondè**
- **Rapèl sou nouvo règleman pou telefòn selilè ak aparèy elektwonik**
- **Konferans paran-pwofesè an novanm**
- **Preparasyon pou aprantisaj adistans**
- **Rete ajou avèk vaksen pou pitit ou a**
- **Rete okouran sa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk yo**

Dat enpòtan k ap vini

- **2 oktòb:** Yom Kippur, pa gen lekòl
- **13 oktòb:** Jou eritaj italyen/Jou moun endijèn, lekòl fèmèn
- **20 oktòb:** Diwali, lekòl fèmèn
- **4 novanm:** Jounen eleksyon, pa gen lekòl pou elèv NYCPS
- **6 novanm:** Konferans paran-pwofesè nan apremidi/aswè pou lekòl primè*
- **11 novanm:** Veterans Day, pa gen lekòl
- **13 novanm:** Konferans paran-pwofesè nan apremidi/aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75*
- **20 novanm:** Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, lekòl K-12, ak 6-12
- **21 novanm:** Konferans paran-pwofesè nan apremidi pou lekòl segondè, lekòl K-12, ak 6yèm-12yèm ane

* Y ap ranvwaye elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè

Admisyon 2026 nan lekòl segondè

Apati **7 oktòb**, elèv ki nan klas 8yèm ane kounye ak elèv k ap fè 9yèm ane pou premye fwa ka **patisipe nan pwosesis aplikasyon lekòl segondè** NYCPS pou ane sa a.

Peryòd aplikasyon lekòl segondè pou otòn 2026 **ap fèmèn 3 desanm**. Gen plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/HS.

Egzamen admisyon nan lekòl segondè espesyalize (SHSAT) sou òdinatè

Otòn sa a, y ap bay SHSAT la—egzamen antre obligatwa pou admisyon nan youn nan uit lekòl segondè espesyalize nan Vil Nouyòk yo—sou òdinatè pou premye fwa. Elèv ki vle pran SHSAT la lè y ap bay li nan mwa novanm lan dwe enskri pou tès la ant **7 oktòb** ak **31 oktòb**. Jwenn plis enfòmasyon sou tranzisyon an pou tès sou òdinatè epi jwenn aksè nan materyèl pou pratike sou entènèt nan schools.nyc.gov/SHSAT. Pou jwenn enfòmasyon sou lekòl segondè espesyalize yo, ale sou schools.nyc.gov/SHS.

Admisyon 2026 nan lekòl presegondè

Apati **mèkredi 5 oktòb**, elèv ki nan klas 5yèm ane kounye (oswa 6yèm ane, pou elèv ki nan lekòl primè K–6), ka patisipe nan admisyon lekòl presegondè pou otòn 2026. Delè pou voye aplikasyon lekòl presegondè pou otòn 2026 lan se **vandredi 12 desanm**. Gen plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/MS.

Rapèl sou nouvo règleman pou telefòn selilè ak aparèy elektwonik

Sonje byen: dapre lwa Eta Nouyòk, apati ane lekòl sa a, elèv pa gen dwa itilize telefòn selilè ni lòt aparèy elektwonik pèsònèl yo ki konekte nan entènèt pandan jounen lekòl la. Yo dwe mete aparèy sa yo yon kote tankou yon kazyè oswa yon tisak mayetik. Asire w ou abitye avèk règleman lekòl ou a sou kote y ap mete aparèy yo epi suiv yo. Ale sou schools.nyc.gov/DevicePolicy pou jwenn plis enfòmasyon ak pou jwenn repons sou kesyon moun poze souvan.

Konferans paran-pwofesè novanm 2025

Ane sa a, dezyèm tou konferans paran-pwofesè (parent-teacher conferences, PTC) yo ap kòmanse **jedi 6 novanm**. Y ap fè konferans yo adistans pou 2025-2026 la, sepandan, lekòl ka fè aranjman pou konferans anpèsòn si w mande. Tanpri sonje dat ak lè yo ka varye selon lekòl la ak nivo klas la—pale avèk lekòl pitit ou a pou konfime orè PTC yo epi pou pran yon randevou pou reyinyon w lan. Ale sou schools.nyc.gov/ptc pou jwenn konsèy ak oryantasyon.

Preparasyon pou aprantisaj adistans

Si bilding lekòl NYCPS yo fèmen akòz sitiyasyon ijans, tout elèv K-12 pral patisipe nan klas yo adistans. Asire w pitit ou a gen yon aparèy ki fonksyone epi ki konekte nan entènèt lakay li. Si w bezwen NYCPS prete w yon aparèy, kontakte lekòl ou a dirèkteman kounye a; pa tann jiskaske bilding lan fèmen. Aprann kòman pou kòmanse itilize iPad oswa laptop yo prete w la nan schools.nyc.gov/NYCPSdevices.

Elèv ap bezwen pou itilize kont elèv NYCPS yo (schools.nyc.gov/StudentAccounts) pou aprantisaj adistans. Pou antre nan kont lan ale nan selfservice.schools.nyc oswa mande lekòl ou a. Jwenn plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/DigitalLearning.

Rete ajou avèk vaksen pou pitit ou a

Tout elèv NYCPS ki gen ant laj 2 mwa ak 18 ane dwe satisfè egzijans vaksinasyon Eta a ak Vil la pou yo ka ale lekòl. Gade egzijans vaksinasyon yo dapre klas nan schools.nyc.gov/immunization epi pale avèk founisè swen sante pitit ou a pou w ka aprann plis. Ou ka jwenn yon founisè ki satisfè bezwen fanmi w nan pndlookup.health.ny.gov.

Rete okouran sa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

Make *The Morning Bell* blog nan schools.nyc.gov/MorningBell epi asire ou suiv @NYCSchools nan Facebook, Instagram, X, ak YouTube pou dènye nouvèl ak resous pou fanmi NYC!